

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**EGZAMEN REGENTS POU ISTWA AK
JEWOGRAFI JENERAL II (NIVO 10)**

Jedi 23 janvyè 2020 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa. Suiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou an. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn tout kesyon ki nan **tout** pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II ak III.

Pati I an gen 28 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II gen de (2) seri kesyon pou repons konstwi (KPK). Chak seri kesyon pou repons konstwi gen 2 dokiman ki mache avèk plizyè kesyon. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon. Ekri repons ou pou kesyon sa yo nan ti liv egzamen an sou liy ki vini apre kesyon sa yo.

Pati III a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou senk (5) dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–28): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.

Sistèm sankin kōtai (lit., “patisipasyon ranplasan”) se te yon dispozitif chogoun Tokugawa a, gouvènman Japon soti 1603 jiska 1868, yo te konsevwa pou rejim lan asire konwòl politik sou daimyo yo, oswa bawon teritoryal yo, ki te egzèse pratikman otorite otonòm sou plis pase 260 eta feyodal yo ke kat senkyèm (4/5) peyi a te divize a. Anba sistèm sa a yo te egzije pifò nan daimyo yo pou vwayaje biyanyèlman [chak de (2) ane] soti nan domèn yo jiska kapital Tokugawa a nan Edo (Tokyo jodi a) epi pou te pase yon ane sou de nan patisipasyon pèsònèl nan lakou chogunal lan. Yo te egzije chak daimyo tou pou mentni rezidans nan kapital la kote yo te detni madanm li ak pitit li definitivman. . . .

Yon lòt kontribisyon enpòtan operasyon sistèm sankin kōtai lan ak modènizasyon Japon se te pwomouvwa inifikasyon entèlektyèl ak kiltirèl peyi a. Sankin kōtai la te sèvi pou mennen yon gran pati nan eleman lidèchip yo soti nan tout peyi a ansanm nan yon kote epi kenbe yon kouran konstan lidè ak entèlektyèl yo ap fè ale retou ant kapital la ak tout pati peyi a. Sa te enpòtan nan bay Japon inite entèlektyèl ekstraòdinè a avèk sa li te fè fas ak Oksidan an nan dizivyèm (19yèm) syèk lan. Li te pèmèt pèp la tou an jeneral genyen sans inite nasyonal ki pa tap sa si sistèm lan pa te egziste. Lè li sèvi kòm veyikil ki te etann kilti Edo ak Osaka a nan kanpay yo, sistèm lan te enfluyans difizyon yon vrè kilti nasyonal. . . .

Sous: Toshio G. Tsukahira, *Feudal Control in Tokugawa Japan*, East Asian Research Center, Harvard University, 1966

- 1 Kisa ki te yon kontribisyon enpòtan sistèm sankin kōtai (patisipasyon ranplasan) lan nan modènizasyon Japon an?
 - (1) Pèp Japon an te devlope yon sans pi solid sou inite kiltirèl nasyonal.
 - (2) Gouvènman Japon an te etabli kontwòl sou entèlektyèl Oksidantal yo te fòse viv nan Osaka yo.
 - (3) Japon te amelyore sistèm ray tren li a nan konekte kanpay yo ak vil yo.
 - (4) Japon te ogmante pouvwa daimyo a pandan chogoun Tokugawa a.
- 2 Objektif sistèm sankin kōtai (patisipasyon ranplasan) Tokugawa a sanble ak objektif
 - (1) Sifrajèt britanik yo ki te egzije Palman an bay fanm yo dwa pou vote
 - (2) Wa Louis XIV nan Lafrans ki te egzije nòb yo rete nan Vèsay
 - (3) Simón Bolívar ki te atann pèp endijèn lan pou leve kanpe kont Espanyòl yo
 - (4) Peyi Ewopeyen yo ki te divize kontinan Afriken an

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 3 ak 4.

. . . Rekòlt medyòk yo pat ka vini nan yon moman ki pi mal. Lafrans te antre nan yon trete komès defavorab avèk Angletè an 1776. Pak la te redwi dwa enpòtasyon yo sou machandiz Anglè yo, nosyon an se pou ankouraje fabrikan Fransè yo pou mekanize pwodiksyon an repons pou konpetisyon ki amelyore. Yon inondasyon enpòtasyon bon mache ki soti lòtbò Manch lan te anvayi endistri tekstil lan. Pwodiksyon tekstil sèl te tonbe nan 50 pousan ant 1787 ak 1789. 5,672 metye tise nan Amiens ak Abbeville yo an 1785 te bese jiska 2,204 bò 1789. Trant-sis (36) mil moun te pèdi travay, sa ki te te voye anpil travayè pòv nan lari yo nan yon moman kote peyizan grangou yo te rasanble nan sant iben yo nan rechèch manje. Kriz riral la ta kapab efemè si chomaj iben pat ogmante an menm tan an. Nan Pari, gouvènman an te sibvansyone pri pen yo anba laperèz foul yo, men an ven. Sitiyasyon an te byen vit san kontwòl. . . .

Sous: Brian Fagan, *The Little Ice Age: How Climate Made History, 1300–1850*, Basic Books, 2000

- | | |
|---|---|
| 3 Ki deklarasyon parapò ak sitiyasyon ekonomik nan Lafrans 18yèm syèk lan pasaj sa a sipòte pi dirèkteman?
(1) Yon sipli nan sereyal te fè mal ak kiltivatè Fransè yo.
(2) Pri pen sibvansyone yo te mennen ak kondisyon lavi amelyore nan vil Fransèz yo.
(3) Konpetisyon ekonomik avèk Angletè te mennen nan inovasyon agrikòl nan Lafrans.
(4) Efò yo pou estimile endistri nan Lafrans atravè akò komès yo te lakòz chomaj. | 4 Ki evènman kondisyon ki dekri nan pasaj sa a te lakòz an pati?
(1) efondreman Anpi Britanik lan
(2) retrè Fransè soti nan Lend Mogòl
(3) Gè Alman yo pou inifikasyon
(4) Revolisyon Fransèz |
|---|---|
-

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 5 ak 6.

**Pasaj ki soti nan yon lèt Komisè Chinwa Lin Zexu bay Rèn Victoria
27 Out 1839**

. . . Peyi ou a gen plis pase 60,000 *li* [18,641 mil] de Lachin. Objektif bato ou yo nan vini Lachin se pou reyalize yon gwo benefis. Piske yo reyalize benefis sa a nan Lachin epi an reyalyite yo elwanye li de pèp Chinwa a, kijan etranje yo kapab retounen blesi pou avantaj yo resevwa nan voye pwazon sa a pou fè mal ak byenfetè yo a? Yo gendwa pa gen entansyon fè mal ak lòt yo pa eksprè, men reyalyite a rete ke yo sitèlman obsede avèk gen materyèl ke yo pa gen okenn preyokipasyon kèlkonk pou mal yo kapab lakòz ak lòt yo. Èske yo pa gen okenn konsyans? Mwen tandè ke nou estrikteman entèdi opyòm nan pwòp peyi nou an, sa ki endike san dout ke nou konnen kijan opyòm danjere. Nou pa swete opyòm pou fè mal ak pwòp peyi nou, men nou chwazi mennen mal sa a pou lòt peyi yo tankou Lachin. Poukisa? . . .

Sous: Dun J. Li, *China in Transition: 1517-1911*, Van Nostrand Reinhold, 1969

- | | |
|--|---|
| 5 Ki objektif Lin Zexu pou ekri lèt sa a bay Rèn Victoria? | 6 Kisa ki yon konsekans alontèm devlopman istorik yo diskite nan lèt 1839 sa a? |
| (1) pou negosye ouvèti komès ant Lachin ak Bretay | (1) etablisman esfè enfluyans Britanik nan Lachin |
| (2) pou tante frenen fli opyòm an direksyon Lachin | (2) akimilasyon gran richès pa Chinwa yo odetriman Britanik yo |
| (3) pou adrese blesi Chinwa yo te enflije bay Britanik yo | (3) aplikasyon ak siksè yon anbago Chinwa sou tout enpòtasyon Britanik yo |
| (4) pou genyen endepandans anba rèy enjis Britanik | (4) kreyasyon yon alyans komès ki benefik mityèlman ant Bretay ak Lachin |

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 ak 8.

. . . Akòz gwo itilizasyon machinri ak divizyon travay, travay pwoletaryen yo pèdi tout karaktè endividyèl, epi, pa konsekan, tout cham pou travayè a. Li vini yon apandis [aksèswa] pou machin lan, epi yo egzije de li sèlman talan [konpetans] ki pi senp, ki pi monotòn, epi ke li genyen pi fasilman an. Kidonk, yo redwi pri pwodiksyon yon travayè, prèske totalman, ak mwayen sibzistans ke li egzije pou mentnans li a, ak pou pwopagann [repwodiksyon] ras li a. Men pri yon byen, ak travay tou, egal ak pri pou pwodiksyon li a. An pwopòsyon, kidonk, kòm repiyans pou travay la ap ogmante, salè a ap diminye. Byen plis, nan pwopòsyon menm jan ak itilizasyon machinri ak divizyon travay ap ogmante, nan menm pwopòsyon an fado fatig ap ogmante tou, swa pa pwolongasyon [ekstansyon] lè travay yo, pa ogmantasyon travay yo egzije nan yon moman presi, oswa nan vitès ogmante machinri, etc. . . .

Sous: Marx and Engels, *The Communist Manifesto*, 1848

7 Marx ak Engels ap reyaji sou chanjman ki se rezilta


- (1) enperyalis
- (2) nasyonalis
- (3) endistriyalizasyon
- (4) demokratizasyon

8 Ki aksyon Marx ak Engels te predi ki tap chanje kondisyon ki dekri nan pasaj sa a?

- (1) egzekisyon refòm gouvènman yo
- (2) adopsyon politik lesefè yo
- (3) itilizasyon rezistans pasiv
- (4) revòlt klas ouvriye a

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 ak 10.

Manda Lig Nasyon yo



Sous: Albert Hourani, *A History of the Arab Peoples*, The Belknap Press of Harvard University Press (adapte)

- 9 Divizyon manda yo nan eta sa yo te lakòz konfli alavni paske
- (1) Anpi Otoman lan te panse li te kapab fasilman konkeri teritwa ki divize yo.
 - (2) Bretay te resevwa yon pi gran manda terityal pase Lafrans te resevwa.
 - (3) Yo pa te retounen okenn nan teritwa yo anba kontwòl alman jan yo te pwomèt sa a.
 - (4) Fwontyè yo pa te rive rekonèt totalman enterè etnik ak relijye rival yo.

- 10 Sitiyasyon yo montre nan kat jewografik sa a te jwe yon wòl dirèk nan
- (1) konstriksyon Kanal Suez la
 - (2) envazyon Afghanistan
 - (3) seri gè Arabo-Izrayelyen yo
 - (4) admisyon Latiki nan Òganizasyon Trete Atlantik Nò (OTAN)

Sèvi ak sitasyon yo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 jiska 13.

Sitasyon yo Atribye ak Kemal Atatürk

Transfòmasyon Legal

“Nou dwe libere konsèp jistis nou yo, lwa ak enstitisyon legal nou yo anba obligasyon ki gen anpriz anpil sou nou yo byenke yo enkonpatib avèk bezwen syèk nou an.”

Refòm Sosyal yo

“Defi prensipal nou ap fè fas la se elve lavi nasyonal nou nan nivo ki pi wo sivilizasyon ak pwosperite.”

Nouvo Lang

“Fondman edikasyon se yon sistèm fasil lekti ak ekriti. Kle pou sa se nouvo alfabè Tik la selon ekriti Latèn an.”

Dwa Fanm yo


“Tout bagay nou wè nan monn lan se travay kreyatif fanm yo.”

Sous: “Atatürk: Creator of Modern Turkey,” Columbia University Turkish Students Association online (adapte)

- | | |
|--|---|
| <p>11 Kisa ki te chanje nan Latiki kòm yon rezilta dirèk efò Atatürk yo?</p> <ol style="list-style-type: none">(1) Latiki te adopte yon oryantasyon Oksidantal modèn.(2) Klèje Islamik yo te domine gouvènman Latiki a.(3) Yo te aksepte inivèsèlman Layisite nan Latiki.(4) Fòs komini yo te sezi pouvwa nan Latiki. | <p>13 Chanjman global Atatürk te dezire a sanble ak chanjman yo te adopte nan</p> <ol style="list-style-type: none">(1) Afrik Disid pandan peryòd apated lan(2) Inyon Sovyetik pandan peryòd detant lan(3) Japon anba Meiji yo(4) Lend anba nonnaliman |
| <p>12 Pandan ki peryòd istorik Atatürk te fè remak sa yo?</p> <ol style="list-style-type: none">(1) ant Gè Mondyal yo(2) pandan Gè Gòf Pèsik la(3) nan epòk kreyasyon Izrayèl(4) nan kòmansman Revolisyon Iranyèn lan | |

Sèvi ak kat jewografik ak desen ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 14 ak 15.

ENVAZYON POLÒY ALMAN 1 SEPTANM 1939



Sous: U.S. Holocaust Memorial Museum online (adapte)

RANDEVOU (RENDEZVOUS)



Sous: David Low, "Rendezvous," *Evening Standard*, September 20, 1939 (adapte)

14 Evènman yo montre sou kat jewografik sa a ak nan desen sa a te asosye ak eklatman ki konfli?

- (1) Gè Napoleyonèn yo
- (2) Gè Risi Japon
- (3) Dezyèm Gè Mondyal
- (4) Gèfwad

15 Ki evènman ki te mete fen ak kowoperasyon yo montre nan dokiman sa yo?

- (1) Revolisyon Ris
- (2) chit Lafrans nan men Almay
- (3) envazyon Almay nan Inyon Sovyetik
- (4) pwosè Nirenbè

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 16 ak 17.

Swasant (60) pousan Hiroshima te efase [detwi] ak sèl bonm atomik yo te lage Dimanch lan, yo te anonse li nan Guam yèswa. Senk (5) santral endistriyèl te disparèt epi domaj anplis yo te fèt byen lwen zòn ki te efase a. Sèlman 2.8 mil kare sou 6.9 mil kare vil la te rete.

Vil la te disparèt nan yon nyaj lafimen, flann ak pousyè ki te leve nan wotè 40,000 pye. Misil la te frape sant sib la, yon ekla pi briyan pase limyè solèy te kouvri vil la epi plizyè minit apre nyaj lafimen an te atenn jiska estratosfè a. . . .

Sous: "War News Summarized," *New York Times*, August 8, 1945

16 Ki evènman ki dekri nan pasaj sa a ki soti nan *New York Times*?


- (1) itilizasyon yon nouvo zam mòtèl kont Japon
- (2) envazyon Guam pa Etazini
- (3) bonbadman Tokyo pa Etazini
- (4) atak Inyon Sovyetik sou Almay

17 Ki devlopman istorik ki te vini apre evènman yo ki dekri nan pasaj sa a?


- (1) Japon te antre nan yon peryòd izolasyonis.
- (2) Gè nan Ewòp la te rive nan fen li.
- (3) Japon te anekse Kore ak Manchuria.
- (4) Etazini ak Inyon Sovyetik te kòmanse yon kous pou ameman.

Sèvi ak kat jewografik yo ki anba la ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 18 ak 19.

Kat jewografik A



Kat jewografik B



Sous: Shirin Keen, Emory University, Spring 1998 (adapte)

18 Ki konsèp ki gen plis rapò avèk sityasyon ki prezante nan kat jewografik A?

- (1) apezman
- (2) Syonis
- (3) non-naliman
- (4) kolonyalis

19 Ki deklarasyon ki pi byen eksplike chanjman yo nan fwontyè yo montre ant kat jewografik A ak B?

- (1) Nasyonalis se te yon fòs ki ini ak ki divize nan rejyon sa a.
- (2) Anvayi vwazen yo se te yon fòs motris nan rejyon sa a.
- (3) Maksis se te yon mouvman dominan nan rejyon sa a.
- (4) Eleksyon nasyonal yo se te yon faktè detèminan nan rejyon sa a.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 20 ak 21.

Monte Khmer Rouge yo


. . . Grandi nan yon lame plizyè santèn milye, Khmer Rouge yo te pouse atravè kanpay la. Yo te kaptire kapital la, Phnom Penh, epi yo te pran pouvwa a an 1975. Solda yo, ki te pote inifòm ki tankou pidjama nwa, te fòse prèske 2 milyon Kanbodjyen kite vil yo epi ale nan kanpay yo. Objektif yo se retire enfliyans etranje nan Kanbòdj epi tounen tout moun nan yon tavayè oswa kiltivatè.

Pandan evakyasyon an, plizyè milye te mouri. Grangou ak maladi te touye anpil, pandan ke egzekisyon pratikman te vini yon syans. Lis lanmò Khmer Rouge yo te gen ladan sila yo nan rejim opozan an, entèlektyèl yo, doktè yo ak pwofesè yo. Yo te egzekite menm moun ki te pote linèt yo senpleman paske yo te konsidere yo fè pati klas siperyè oswa biznis yo. Yo te sibler minorite etnik yo tankou Cham, Chinwa, Vyetnamyen, Thai, ak Lao. Poutèt yo pa te konsidere yo “pi”, yo te akize anpil nan yo ke yap sipòte enperyalis Ameriken oswa anyen plis pase yo tap viv nan sa yo te rele “zòn ènmi” an. . . .

Sous: Icy Smith, *Half Spoon of Rice*, East West Discovery Press

- | | |
|--|---|
| 20 Pou ki objektif pasaj sa a ta kapab pi byen itilize? | 21 Ki devlopman istorik ki pi sanble ak sitiyasyon ki dekri nan pasaj sa a? |
| (1) aprann sou rezon yo pou monte Khmer Rouge yo | (1) aksyon nazi an Almay nan ane 1930 yo ak ane 1940 yo |
| (2) fè rechèch sou lavi nan Phnom Penh anvan arive Khmer Rouge yo | (2) kanpay Nelson Mandela kont apated nan kòmansman ane 1960 yo |
| (3) etann kontribisyon minorite etnik yo andedan Kanbòdj | (3) monte sou pouvwa Ayatollah Khomeini nan Iran nan fen ane 1970 yo |
| (4) konprann enpak politik Khmer Rouge yo sou sosyete kanbodjyèn lan | (4) manman ajanten yo ki ap pwoteste sou Plaza de Mayo a ane 1980 yo ak ane 1990 yo |

Sèvi ak desen ki anba la ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 22 ak 23.



Sous: Tony Auth, *The Philadelphia Inquirer*, May 19, 2000

22 Ki konsèp cheval nan desen 2000 sa a pi byen ilistre?

- (1) kont ekspanyon
- (2) militaris
- (3) globalizasyon
- (4) tolerans

23 Ki preyokipasyon fas ak gouvènman Lachin lan an 2000 yo ka pi byen dedwi nan desen sa a?

- (1) manifestasyon kont bezwen pou chanje soti nan otosifzans reyjonal pou espesyalizasyon reyjonal
- (2) atak militè pisans Oksidantal yo pou genyen pati nan mache konpetitif yo
- (3) reyaksyon negatif sitwayen yo pou anekse Taiwan nan biwokrasi politik
- (4) boulvèsman entèn ki se rezilta ouvèti rapid zòn devlopman ekonomik yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 24 jiska 26.


Elizabeth Robles Ortega te kòmanse travay nan *maquilas* (faktori etranje yo) nan laj katòz (14) ane epi yo te mete li nan lis nwa pou travay apre li te patisipe nan kanpay òganizasyon sendikal endepandan nan fwontyè nò Meksik. Apre sa li te travay kòm yon òganizatè pou òganizasyon Sèvis, Devlopman, ak Lapè.

NAFTA [Akò Lib Echanj Nò Ameriken] te mennen nan yon ogmantasyon nan mendèv, kòm endistri etranje a te grandi. Yo ap refòme lwa travay yo ak konstitisyon nou an pou favorize plis envestisman etranje, sa ki pa jis kont lwa travay nou yo. Pa egzanp, yo ap eseye kounye a elwanye de nou òganizasyon lib ke lwa Meksiken te garanti. Paske kapital etranje ap investi nan Meksik epi ap domine, nou dwe gen garanti yo. Gouvènman an jis la avèk men li lonje; li te toujou genyen yo lonje men kounye a menm plis san okenn wont. . . . Pwoblèm ekolojik yo ap ogmante. Yon majorite fanm ap vini gen kansè — kansè tete ak po, lesemi, ak pwoblèm kè ak poumon. Gen lanmò fanm travayèz yo chak jou. Ou kapab wè ak santi kontaminasyon dlo ak lè a. Osito ou rive epi kòmanse respire lè a nan Acuña ak Piedras Negras [vil fwontyè yo ant eta Coahuila ak Texas], ou santi lè lou a, ki fè ou anvi vomi. . . .

Sous: Interview with Elizabeth “Beti” Robles Ortega in *Worlds of History: A Comparative Reader*, Bedford/St. Martin’s, 2007

- | | |
|--|---|
| 24 Dapre Elizabeth Robles Ortega, kisa ki kòz fondamantal pwoblèm ki dekri yo?
(1) dezi gouvènman Meksiken an pou santralize pouvwa
(2) egzijans NAFTA yo pou depans ogmante nan swen sante
(3) konsantrasyon gouvènman Meksiken an pou jwenn kapital etranje
(4) règleman sere NAFTA yo sou anviwònman an | 26 Ki sitistasyon ki te dirèkteman enfluyansè pozisyon otè a?
(1) li te aprann pwoblèm medikal travayè faktori yo te ap soufri
(2) li te prezan nan negosyasyon pou genyen envestisman etranje yo
(3) li te pwofite anpil de envestisman li a nan faktori fwontyè yo
(4) yo te mete li sou lis nwa pou li pa manm sendika |
| 25 Sèvi ak dokiman sa a, ki premye objektif otè a?
(1) pou ogmante benefis pou pwopriyetè ak envestisè faktori yo
(2) pou genyen pwoteksyon dwa travayè yo ak amelyore espas travay la
(3) pou redwi taks yo preleve yo sou envestisman etranje nan Meksik
(4) pou kontrenn òganizasyon sendikal ak elimine machandaj kolektif | |

Sèvi ak desen ki anba la ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 ak 28.



Sous: Henry Brun, *The World Today*, Amsco School Publications, 2010

27 Sèvi ak desen sa a, avèk ki sistèm ekonomik pozisyon Fon Monetè Entènasyonal (FMI) yo gen plis rapò?

- (1) miks
- (2) tradisyonèl
- (3) kapitalis
- (4) kòmann

28 Sèvi ak desen sa a, kisa ki yon fonksyon Fon Monetè Entènasyonal (FMI) lan?

- (1) pou egzekite tarif yo pou pwoteje mache nasyon ki prete yo
- (2) pou etabli direktiv pou nasyon ki ap mande prè yo
- (3) pou ankouraje nasyon yo aplike pou prè yo dekwa pou yo ogmante depans yo a
- (4) pou asiste nasyon ki prete yo nan pran kontwòl biznis yo

Ekri repons ou pou kesyon 29–34b nan espas yo ba ou yo. Sèvi ak yon plim nwa oswa ble fonsse pou reponn kesyon sa yo.

Pati II

KESYON POU REPONS KONSTWI (KPK) KI MANDE REPONS KOUT

Kesyon sa yo baze sou dokiman yo ki mache avèk yo epi ki konsevwa pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Chak seri Kesyon pou Repons Konstwi (KPK) gen 2 dokiman. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, sonje ekplikasyon sa yo:

Idantifye—vle di bay yon non ak oswa nome.

Eksplike—vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konpran; pou bay rezon pou oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon yon bagay.

Estrikti Seri 1 KPK ki Mande Repons Kout

- Kesyon 29 itilize Dokiman 1 (Kontèks)
- Kesyon 30 itilize Dokiman 2 (Sous)
- Kesyon 31 itilize Dokiman 1 ak 2 (Relasyon ant dokiman yo)

Estrikti Seri 2 KPK ki Mande Repons Kout

- Kesyon 32 itilize Dokiman 1 (Kontèks)
 - Kesyon 33 itilize Dokiman 2 (Sous)
 - Kesyon 34a ak 34b sèvi ak Dokiman 1 ak 2 yo (Relasyon ant dokiman yo)
-

Paj sa a rete vid toutespre.

Enstriksyon yo pou Seri 1 KPK (29–31): Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Sèvi ak Dokiman 1 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 29.

Dokiman 1

Yo pran pasaj sa a nan *Second Treatise of Government (Dezyèm Trete sou Gouvènman)* John Locke lan, ki te pibliye orijinalman an 1690.

. . .95. LÒM antanke, jan yo di a, pa lanati li, tout lib, egal, ak endepandan, yo pa ka mete pèsòn deyò nan domèn sa a, epi soumèt li ak pouvwa politik yon lòt, san pwòp konsantman li. Sèl fason kijan nenpòt moun sede [rann] limenm libète natirèl li, epi mete obligasyon sosyete sivil la, se lè li dakò avèk lòt moun pou rejwenn ak ini nan yon kominote pou lavi konfòtab, an sekirite, ak pezib youn nan mitan lòt, nan yon jwisans an sekirite pwòp pwopriyete yo, ak yon pi gran sekirite kont kikonk, ki pa ladan li. Sa nenpòt kantite moun kapab fè, paske li pa andomaje libète rès yo; yo rete jan yo te ye a nan libète eta lanati a. Lè nenpòt kantite moun konsanti konsa pou fè yon kominote oswa gouvènman, konsa yo prezantman enkòpore, epi yo fè yon sèl kò politik, kote majorite a gen yon dwa pou aji epi byen mennen rès la. . . .

Sous: C. B. Macpherson, ed., John Locke, *Second Treatise of Government*, Hackett Publishing Company

29 Eksplike sikonstans istorik yo ki te mennen John Locke ak lòt filozòf politik yo pou devlope ide politik tankou sila yo ki eksprime nan *Second Treatise of Government* li a. [1]

Score

Sèvi ak Dokiman 2 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 30.

Dokiman 2

Ayisyen yo te ekri konstitisyon an 1801. Apre lanmò Toussaint L'Ouverture nan yon prizon Fransè an 1803, lidè mouvman endepandans Ayisyèn yo te kontinye revolisyon ki te bay kòm rezilta endepandans an 1804. Lidè revolisyonè sa yo te ekri yon nouvo konstitisyon pou yon Ayiti endepandan. 20 me 1805, Anprè Jacques Dessalines te ratifye konstitisyon sa a. Sa se yon pasaj Konstitisyon 1805 lan.

Konstitisyon Ayiti [Ayiti]

. . .Deklare ak tout fòs ke tenè [entansyon] konstitisyon sa a se ekspresyon lib espontane ak envaryab kè nou, epi volonte jeneral elektè nou yo, epi nou soumèt li anba sanksyon [apwobasyon] H.M. [Majeste Li] Anprè Jacques Dessalines liberatè nou an, pou resevwa egzekisyon [aplikasyon] total ak rapid li a.

Deklarasyon Preliminè.

Atik 1. Pèp ki abite zile yo te rele anvan Sen Domeng lan, nan dokiman sa a dakò pou fòme yomem nan yon eta souvren ak endepandan de nenpòt lòt pisans nan inivè a, anba non anpi Ayiti.

Atik 2. Esklavaj aboli pou toutan.

Atik 3. Sitwayen Ayiti yo se frè lakay; egalite nan je lalwa enkontestableman [sètènman] te rekonèt, epi pa kapab genyen nenpòt lòt tit, avantaj, oswa privilèj lòt ke sila yo ki se rezilta nesèsèman konsiderasyon ak prim sèvis yo te rann pou libète ak endepandans.

Atik 4. Lwa a se menm pou tout, menmsi li ap pini, oswa li ap pwoteje. . . .

Atik 6. Pwopriyete sakre, yo dwe pouswiv vyolasyon li sevèman. . . .

Sous: 1805 Constitution of Haiti, Webster University online

30 Sèvi ak pasaj sa a, eksplike nan ki objektif lidè revolisyonè yo te kreye Konstitisyon Ayiti [Ayiti] (Constitution of Haiti) 1805 a. [1]

Score

Sèvi ak **toude** Dokiman 1 ak 2 yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 31.

Kòz—refere ak yon bagay ki kontribye nan aparisyon yon evènman, ogmantasyon yon lide, oswa mizanplas yon devlopman.

Efè—refere ak sa ki pase kòm yon konsekans (rezilta, enpak, aboutisman) yon evènman, yon lide, oswa yon devlopman.

- 31 Idantifye **ak** eksplike relasyon kòz ak efè ant evènman yo ak/oswa ide yo jwenn nan dokiman sa yo. Asire ou sèvi ak prèy ki soti nan **toude** Dokiman 1 ak 2 yo nan repons ou. [1]

Score


Paj sa a rete vid toutespre.

Enstriksyon yo pou Seri 2 KPK (32-34b): Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Sèvi ak Dokiman 1 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 32.

Dokiman 1

KWÈ SA OSWA KNOUT*



*Knout – yon fwèt yo te itilize pou pini

Sous: Leslie G. Illingworth, *Punch*, July 12, 1950 (adapte)

32 Eksplike sikonstans istorik yo ki te mennen nan sitiyasyon yo montre nan desen sa a. [1]

Score

Sèvi ak Dokiman 2 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 33.

Dokiman 2

Pasaj sa a soti nan yon diskou Mikhail Gorbachev te fè 25 desanm 1991. Yo te difize diskou a sou Televizyon Santral Inyon Sovyetik lan epi yo te enprime li nan *Rossiiskaia Gazeta* 26 desanm 1991. *Rossiiskaia Gazeta* se yon jounal chak jou gouvènman an posede ki pibliye dokiman ofisyèl yo.

Chè Konpatriyòt yo! Konsitwayen yo! Akòz sitiyasyon ki te pran fòm kòm rezilta fòmasyon Kominote Eta Endepandan yo, mwen ap sispann aktivite mwen nan pòs Prezidan URSS la. Mwen ap pran desizyon sa a anba konsiderasyon prensip yo.

Mwen te defann fèmeman endepandans pèp yo ak souverènte Repiblik [Sovyetik] yo. Men an menm tan mwen te favorize prezèvasyon Eta Inyon an ak entegrite peyi a.

Evènman yo te pran yon wout diferan. Yon liy politik ki te vize demanbre peyi a epi dezini eta a te domine, yon bagay mwen pa kapab dakò avèk. . .

Pandan mwen ap pale pou dènye fwa kòm Prezidan URSS lan, mwen konsidere li nesesè pou ekprime evalyasyon wout ki travèsè [ki vwayaje] a depi 1985. Espesyalman piske genyen anpil opinyon kontradiktwa, sipèfisyèl epi ki pa objektif sou pwèn [sitiyasyon aktyèl] sa a.

Sò te òdone ke lè mwen te vini chèf eta li te deja klè ke bagay yo pa te ale byen nan peyi a. Nou te gen anpil nan tout bagay — tè, petwòl, gaz ak lòt resous natirèl — epi Bon Dye te akòde nou entelijans ak talan, tou, men nou te viv plis pi mal pase pèp nan peyi devlope yo fè, epi nou ap trennen chak jou pi plis dèyè yo. . . .

Mwen te rann mwen kont ke refòm yo nan dimansyon sa a nan sosyete sa a kòm pa nou an te yon antrepriz ekstrèmman difisil ak menm plis riske. Men menm jodi a mwen konvenki konsènan koreksyon istorik refòm demokratik ki te kòmanse nan lete 1985 lan. . .

Yo te elimine sistèm totalitè a, ki pandan lontan te depouye peyi a de opòtinite pou vini pwospè ak florisant.

–Yo te atenn yon pwogrès nan domèn transfòmasyon demokratik yo. Eleksyon lib yo, libète laprès, libète relijye yo, kò reprezantatif pouwva yo ak yon sistèm militipati te vini yon reyalyte. Yo te rekonèt dwa moun tankou prensip ki pi wo a.

–Mouvman nan direksyon yon ekonomi miks te kòmanse, epi yo ap etabli egalite sou tout fòm pwopriyete. Nan kad yon refòm agrè, peyizanri a te kòmanse relanse, agrikilti prive te parèt, epi yo te bay plizyè milyon ekta tè ak moun riral ak iben. Yo te legalize libète ekonomik pwodiktyè a, ak antreprenarya, fòmasyon konpayi pa aksyon yo ak privatizasyon te kòmanse rasanble momentòm. . . .

Sous: "Gorbachev Resigns as President," Seventeen Moments in Soviet History online, Michigan State University (adapte)

33 Sèvi ak pasaj sa a, eksplike fason oditwa a afekte sa Mikhail Gorbachev ajoute nan diskou li a. [1]

Score

Pwen enpòtan—se yon evènman, ide, oswa devlopman istorik prensipal, ki mete chanjman siyifikatif. Li kapab lokal, rejyonal, nasyonal, oswa jeneral.

34a–34b Sèvi ak **toude** Dokiman 1 ak 2 yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou:

- a) Idantifye yon pwen enpòtan ki gen rapò avèk devlopman istorik parapò ak toude Dokiman 1 **ak** 2. [1]
- b) Eksplike poukisa yo konsidere devlopman istorik yo ki gen rapò avèk dokiman sa yo kòm yon pwen enpòtan. Asire ou sèvi ak prèv ki soti nan toude Dokiman 1 **ak** 2 yo nan repons ou. [1]

34a Score	<input type="text"/>
34b Score	<input type="text"/>

Pati III

(Kesyon 35)

REDAKSYON SOU PWOBLÈM PÈSISTAN YO

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Enstriksyon: Li ak analize chak nan senk (5) dokiman yo epi ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf, ak yon konklizyon. Sèvi ak sa ou konnen nan syans sosyal ak prèy ki soti nan dokiman yo pou sipòte repons ou avèk reyalyte, egzanzp ak detay enpòtan.

Yon pwoblèm pèsistan se yon defi oswa yon pwoblèm yo te debat oswa diskite atravè epòk yo. Yon pwoblèm pèsistan se yonn ke plizyè sosyete te tante adrese ak divès degre siksè.

Sa pou fè:

- Idantifye **ak** defini yon pwoblèm pèsistan seri dokiman sa yo souve
- Agimante poukisa pwoblèm ou te chwazi a siyifikatif **ak** fason li te pèsiste atravè epòk yo

Nan redaksyon ou an asire ou

- Sèvi ak yon entèpretasyon ki istorikman egzakt sou *omwen twa (3)* dokiman pou idantifye yon pwoblèm pèsistan
- Sèvi ak prèy ki soti nan *omwen twa (3)* dokiman pou defini pwoblèm nan
- Agimante ke sa se yon pwoblèm siyifikatif ki te pèsiste nan montre:
 - Fason pwoblèm nan te afekte moun oswa fason moun te afekte li
 - Fason pwoblèm nan te kontinye rete yon pwoblèm oswa fason li te chanje selon epòk yo
- Ajoute enfòmasyon ekstèn enpòtan anplis ki soti nan sa ou konnen nan syans sosyal

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, sonje eksplikasyon sa yo:

Idantifye—vle di bay yon non ak oswa nome.

Defini—vle di eksplike karakteristik yon bagay oswa konsèp pouke yo kapab konprann li.

Agimante—vle di bay yon seri deklarasyon ki bay prèy ak rezon yo pou sipòte yon konklizyon.

Dokiman 1


Revolisyon Endistriyèl la te kòmanse an Angletè ozanviwon 1750 epi li te kontinye nan 19yèm syèk la, nan mete chanjman siyifikatif yo nan mòd lavi Britanik lan. Pasaj sa a soti nan yon redaksyon ki te eksplòre tèm yo ki soti nan ekspozisyon tanporè, nan Barber Institute of Fine Arts an 2008-2009 ki titre “The Industrial Revolution and the Changing Face of Britain” (“Revolisyon Endistriyèl la ak Nouvo Vizaj Bretay la”).

Devlopman ekonomik ak endistriyèl Revolisyon Endistriyèl la te mennen chanjman sosyal siyifikatif. Endistriyalizasyon te bay kòm rezilta yon ogmantasyon nan popilasyon ak fenomèn ibanizasyon an, kòm yon kantite kwasan moun te demenaje ale nan sant iben yo nan rechèch pou travay. Kèk moun te vini trè rich, men kèk te viv nan kondisyon orib. Yon klas endistriyalis pwospè, pwopriyete ak machann bato, ki akimile gran richès, men an menm tan klas ouvriye a te oblije viv avèk konfò minimòm nan anviwònman ankonbre yo. Yo te voye timoun yo travay nan faktori yo, kote yo te eksplwate yo epi maltrete yo; fanm yo te eksperimente chanjman sibstansyèl nan mòd lavi yo kòm yo te pran travay nan sèvis domestik ak endistri tekstil yo, nan kite mendèv agrikòl la ak nan pase mwens tan nan kay fanmi an. Peryòd sa a tou te wè kreyasyon yon klas mwayèn ki te pwofite avantaj nouvo pwosperite a. Moun yo te kòmanse pase tan lib yo nan divèti tèt yo nan teyat yo, sal konsè yo, ak etablisman espò yo oswa pwofite kanpay yo nan pwomnad [mach] long yo. . . .

Sous: Artemis Manolopoulou, ed., “The Industrial Revolution and the changing face of Britain,” An exhibition at the Barber Institute of Fine Arts, British Museum online

Dokiman 2

Yon afich 1992 ki soti Ministè Sante ak Byennèt Fanmi Lend



Apwòch ki pi resan [1993] peyi a pou kesyon popilasyon konsantre sou avansman fanm yo ekonomikman, akademikman, ak sosyalman, kòm fanm endepandan yo gen plis chans pou genyen ti fanmi yo. Kanpay enfòmasyon piblik endyen yo ap travay tou pou kontrekare favoritis pou ti gason yo, yon tradisyon anrasine pwofondeman ki motive koup yo pou genyen plis timoun. . . .

Sous: Lexi Krock, "Population Campaigns," NOVA, PBS, posted April 20, 2004 (adapte)

Dokiman 3

8 septanm 2000, trant (30) ane apre li te resevwa Pri Nobèl Lapè pou travay li a nan pwodiksyon manje ak soulajman grangou, Loreya Norman Borlaug te bay yon konferans anivèsè nan Enstiti Nobèl Nòvejyen lan nan Oslo. Sa se yon pasaj ki soti nan konferans lan.

Norman Borlaug, Loreya Pri Nobèl Lapè 1970, 8 Septanm 2000

... Mwen kounye a nan 56yèm ane enplikasyon kontini mwen nan rechèch ak pwodiksyon agrikòl nan peyi anvwaa devlopman yo ki gen revni fèb, defisi manje yo. Mwen te travay avèk anpil kòlèg, lidè politik, ak kiltivatè pou transfòme sistèm pwodiksyon manje yo. Malgre siksès Revolisyon Vèt la, nou lwen pou genyen batay la pou asire sekirite alimantè pou plizyè milyon moun ki mizerabman pòv yo.

Ogmantasyon [kwasans-rapid] popilasyon yo, chanjman demografik* yo ak pwogram entèvansyon kont povrete inapwopriye yo te manje anpil gen Revolisyon Vèt lan. Sa pa vle di ke Revolisyon Vèt lan fini. Ogmantasyon yo nan pwodiktivite jesyon kilti kapab fèt sou tout liy lan – nan labouraj [tè anba kiltivasyon], itilizasyon dlo, fètilizasyon, move zèb ak kontwòl parazit, ak rekòlte. Sepandan, pou amelyorasyon jenetik kilti manje yo kontinye nan yon rit sifizan pou satisfè bezwen 8.3 milya moun yo pwojete nan 2025 lan, yo pral bezwen toude metodoloji repwodiksyon konvansyonèl ak biyoteknoloji yo. . . .

Si yo te distribye apwovizyonman manje monn lan ekitabman, li tap bay yon rejim apwopriye an 1998 (2,350 kalori, prensipalman nan sereyal) pou 6.8 milya moun – anviwon 900 milyon plis pase popilasyon aktyèl la. Sepandan, si moun nan peyi Tyèmonn yo te tante obteni 70 pousan kalori yo a nan pwodwi animal yo – menm jan ak Ozetazini, Kanada, Oswa peyi UE [Inyon Ewopeyèn] yo – sèlman anviwon mwatye nan popilasyon monn lan tap nourri.

Estatistik sa yo montre de (2) peoblèm kle. Premye a se sa pou fè konplèks pou pwodwi kantite sifizan manje yo dezire pou satisfè bezwen yo, epi akonpli eksplwa [difikilte] Èkileyen sa a fason ki dirab anviwòmman ak ekonomikman yo. Dezyèm sa pou fè a, egalman oswa menm plis entimidant, se distribiye manje ekitabman. Povrete se prensipal anpèchman [obstak] pou distribisyon manje ekitab, ki, an retou, yo rann pi grav akòz kwasans rapid popilasyon an. . . .

Sous: Norman E. Borlaug, Nobel Prize online

* demografik: ki gen rapò ak etid sou chanjman yo nan modèl popilasyon yo


Dokiman 4

Pasaj sa a diskite modèl popilasyon chanjan yo nan Brezil ak nan rejyon Amazòn lan.

... Kèk peyi tankou Brezil ap wè migrasyon entèn siyifikatif. Pifò peyi yo, gen ladan Brezil, te wè migrasyon siyifikatif soti nan zòn riral yo pou ale nan vil yo. Men nan Brezil, plizyè milyon moun ap demenaje ale nan rejyon Amazòn lan, yon gwo forè twopikal rich ak resous ki drene pa pi gwo rivyè sou Latè, Amazòn lan. Moun sa yo ak konpayi yo travay pou yo ap chèche resous valab yo tankou bwa, lò, petwòl, ak tè ke yo kapab fè ranch oswa kiltive. Pou eksplwate resous sa yo vle di koupe tè forè twopikal epi deplase pèp forè twopikal yo. . . .

Kesyon demografik ki asosye a se ke anpil nan tè sa a pa an reyelite vid ak èt imen. Okontrè, pèp endijèn yo ki soti nan anpil tribi yo ap viv la. Ameriken Natifnatal sa yo prensipalman se chasè-keyè ki depann de jwèt lachas ak keyi fwi bè ak lòt manje komestib atravè gwo ekstansyon tè. Yo migre atravè zòn sa yo, olye pou yo rete nan pozisyon ki fiks kòm pèp agrikòl yo fè. Youn nan gwoup endijèn forè twopikal la se Yanomami yo. Dapre estimasyon aktyèl yo, sèlman trant mil (30,000) Yanomami rete nan yon zòn ki globalman twa (3) fwa gwosè Laswis ozalantou fwontyè Brezil avèk Venezyela. Mòd lavi yo an danje seryezman kòm yo ap deplase akòz presyon popilasyon yo ki soti deyò kilti ak tradisyon tè natal tradisyonèl yo a. Pa egzanp, anviwon karant mil (40,000) minye lò endepandan te anvayi teritwa Yanomami nan deseni resan yo. Gouvènman brezilyen an te travay avèk Yanomami yo prezève kèk tè pou pèp endijèn yo, ki sanble anpil ak sitèm rezèvasyon an Ozetazini. . . .

Sous: Michael M. Andregg, *Seven Billion and Counting: The Crisis in Global Population Growth*, Twenty-First Century Books, 2014



Sous: David Horsey, *Hearst Newspapers*, January 21, 2011

Paj sa a rete vid toutespre.

PAJ PLANIFIKASYON FAKILTATIF

Paj Planifikasyon Pwoblèm Pèsistan yo

Ou ka sèvi ak òganizatè Paj Planifikasyon pou planifye repons ou si ou dezire, men PA ekri repons redaksyon ou a sou paj sa a. Ekriti sou Paj Planifikasyon sa a **PA** pral konte nan nòt final ou.

Pwoblèm Pèsistan Mwen se: _____

Egzijans Redaksyon yo	Wi	Ansèkle dokiman ki aplike yo	Yonn (1) oswa de (2) lide posib pou enfòmasyon ekstèn
Èske gen <i>omwen twa (3)</i> dokiman ki sipòte pwoblèm sa a? Ki dokiman yo ki sipòte pwoblèm sa a?		1 2 3 4 5	
Ki dokiman yo ki ka itilize pou devlope definisyon pou pwoblèm sa a?		1 2 3 4 5	
Èske pwoblèm sa a te afekte siyifikativman moun oswa èske moun te afekte li? Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa?		1 2 3 4 5	
Èske pwoblèm sa a te pèsiste oswa te chanje apre yon tan? Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa?		1 2 3 4 5	

Refere ankò ak paj 24 pou revize sa pou fè.

Ekri redaksyon ou sou paj an liy yo nan ti liv redaksyon an.

